

### BAB III

## MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

### A. Desain Panalungtikan

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta métode kuasi ékspérimén. Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa diukur dua kali, nya éta saméméh jeung sanggeus siswa dibéré perlakuan ku cara maké modél induktif Hilda Taba. Cara ngukur kamampuh siswa nu dilakukeun saméméh dibéré perlakuan disebut tés awal, sedengkeun ngukur kamampuh siswa nu dilakukeun sanggeus dibéré perlakuan disebut tés ahir.

Di luhur geus disabit-sabit yén ieu panalungtikan téh maké métode panalungtikan kuasi ékspérimén. Desain panalungtikan kuasi ékspérimén téh aya tilu, nya éta (1) *One-Shot Case Study Design*, (2) *Prettest and Posttest Group Designs*, (3) *The Static-Group Comparasion Designs*. Desain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *prettest and posttest group*, kalayan teu maké kelas kontrol anu digambarkeun saperti ieu di handap.

$O_1$	X	$O_2$
-------	---	-------

(Arikunto, 2006:85)

Kat:  $O_1$  = tés awal (saméméh dibéré perlakuan)  
 $O_2$  = tés ahir (sanggeus dibéré perlakuan)  
X = perlakuan maké métode induktif Hilda Taba dina ngaregepkeun dongéng

## **B. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dibagi kana dua bagian nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

### **1. Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun datana nya éta téhnik tés. Tés dipaké pikeun ngumpulkeun data hasil diajar ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung sanggeus maké modél induktif Hilda Taba.

### **2. Téhnik Ngolah Data**

Data anu dikumpulkeun ti siswa ditést ngaliwatan instrumén panalungtikan ngawengku hasil diajar kamampuh awal (pretést) jeung kamampuh ahir (postést). Kagiatan ngolah data mibanda tujuan pikeun ngarobah data anu kotor jadi data bersih sarta méré harti kana hasil panalungtikan.

Skala peunteun anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

skala 90-100 alus pisan

skala 80-90 alus

skala 70-80 cukup/sedeng

skala 60-70 kurang

skala 50-60 kurang pisan

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data saperti ieu di handap.

**a. Méré Peunteun**

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor anu kahontal}}{\text{Skor maksimum (100)}} \times \text{Skor ideal (100)}$$

Sanggeus mikanyaho peunteun pratés jeung postés, tuluy diasupkeun kana tabél ieu di handap.

**Tabel 3.1**

**Peunteun Pratés jeung Postés**

Nomor Absén	Peunteun	Perséntase	Kategori
1.			
2.			

**b. Uji Sipat Data**

Dina ieu panalungtikan dilakukeun uji sipat data anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

**1) Uji Normalitas**

Uji normalitas ditujukeun pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat anu normal atawa henteu normal, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $x^2$ ).



f) Nangtukeun standar déviiasi ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{n \cdot \sum f_1 x_1^2 - (\sum f_1 x_1)^2}{n(n-1)}}$$

Katerangan:

$SD$  = standar déviiasi

$\sum f_1 x_1^2$  = jumlah frékuénsi nilai

$(\sum f_1 x_1)^2$  = jumlah frékuénsi nilai x kuadrat

$n$  = jumlah subjék panalungtikan

g) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

- Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

**Tabél 3.3**

**Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi**

Kelas Interval	O <sub>i</sub>	bk	Z <sub>itung</sub>	Z <sub>tabél</sub>	L	E <sub>i</sub>	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
$\chi^2$							

- Nangtukeun O<sub>i</sub> (frékuénsi observasi)
- Nangtukeun batas kelas (bk)
- Nangtukeun Z<sub>itung</sub> (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{X})}{SD}$$

- Nangtukeun Z<sub>tabél</sub>
- Ngitung legana unggal kelas interval (L)

- Ngitung frékuénsi ékspéktasi ( $E_i$ )

$$E_i = n \times L$$

- Nangtukeun nilai  $X^2$  (*chi kuadrat*)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- h) Nangtukeun derajat kebebasan

$$dk = k - 3$$

- i) Nangtukeun  $X^2_{tabel}$

- j) Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria ieu di handap.

$x^2_{itung} < x^2_{tabel}$  hartina distribusi data normal, sedengkeun

$x^2_{itung} > x^2_{tabel}$  hartina distribusi data teu normal

## 2) Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- a. Ngitung variansi ngagunakeun rumus:

$$S^2 = \frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{n(n-1)}$$

- b. Hasil tina variasi diasupkeun kana distribusi  $F$  ngagunakeun rumus:

$$F = \frac{S^2_b}{S^2_k}$$



Pikeun ngabuktikeun hipotésis di luhur digunakeun uji béda dua rata-rata (uji-t). Statistika nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta statistika paramétrik. Dilakukeun ngagunakeun rumus uji-t (t-tés) anu maksudna pikeun mikanyaho bebeneran atawa signifikansi tina pratés jeung postés.

Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Nyieun tabél jumlah rata-rata pratés jeung postés

**Tabél 3.5**

**Uji Jumlah Rata-rata Skor Pratés jeung Postés**

No.	Pratés	Postés	d	d <sup>2</sup>	xd (d-Md)
	Σ				
	<b>Rata-rata</b>				

- b. Nangtukeun *mean* tina béda pratés jeung postés kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- c. Nangtukeun jumlah kuadrat deviasi (t)

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

- d. Nangtukeun derajat kebebasan

$$db = n-1$$



- e. Nangtukeun nilai  $t_{tabel}$
- f. Nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis ngagunakeun kritéria ieu di handap.

$t_{itung} < t_{tabel}$  hartina hipotésis ditarima, sedengkeun

$t_{itung} > t_{tabel}$  hartina hipotésis teu ditarima

### 3. Instrumén Panalungtikan

Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumén anu digunakeun, sabab data anu diperlukeun pikeun ngajawab patalékan panalungtikan (masalah) jeung nguji hipotésis bakal kanyahoan ngaliwatan instrumén.

Dumasar kana hal éta, bisa katitén yén instrumén téh kawilang hal anu penting dina ngahontal tujuan anu dipiharep. Ku kituna, instrumén salaku alat pikeun ngumpulkeun data kudu disusun kalawan gemet pikeun ngahasilkeun data anu objéktif.

**Tabél 3.6**

**Kisi-kisi Soal Praténs jeung Postés**

No. Urut	Indikator Soal	a	b	c	d	No. Soal
1.	Téma	-	-	-	√	1
2.	Palaku	-	√	-	√	2 jeung 3
3.	Galur	-	-	-	√	4
4.	Latar	√	-	√	√	5, 6, jeung 7
5.	Puseur Implengan	-	-	-	√	8
6.	Amanat	√	√	-	-	9 jeung 10

Keterangan: a = kamampuh linguistik jeung non-linguistik

b = kamampuh méré ajén

c = kamampuh ngaréspon

d = kamampuh nginget-ninget

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa tés wangun uraian.

### INSTRUMÉN PRATÉS JEUNG POSTÉS

**Jawab sakur pananya ieu di handap kalayan bener!**

1. Naon téma tina dongéng “Sasakala Majaléngka”?
2. Sebutkeun tokoh-tokoh anu aya dina éta dongéng!
3. Kumaha watek tokoh-tokohna?
4. Galur naon anu dipaké?
5. Tataan tempat-tempat lumangsungna kajadian dina éta dongéng!
6. Kaayaan kumaha waé anu kapanggih ku hidep?
7. Wanci kumaha lumangsungna kajadian-kajadian dina éta dongéng téh?
8. Sebutkeun *point of view*na!
9. Amanat naon anu nyangkaruk dina éta dongéng?
10. Numutkeun pamanggih hidep, hikmah naon anu bisa dicokot sanggeus ngaregepkeun dongéng “Sasakala Majaléngka”?

Dongéng anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta dongéng “Sasakala Majaléngka”.

## SASAKALA MAJALÉNGKA

Aya hiji patempatan di lamping pasir, beresih sarta raresik. Matak betah kanu nyémah tumaninah tur garenah, katelahna Padépokan Sindang Kasih. Jalan leutik ti kikisik ngembat jalan ka babancong. Palataranana dipelakan ku tatangkalan anu jarangkung luhur. Tapi henteu matak kareueung, malah nambah kumara jeung wibawa kanu ngawasa. Saha atuh anu ngalinggihanana? Teu aya sanés ratu anu wibawa Nyi Rambut Kasih.

Nyi Rambut Kasih téh kawéntar geulis kawanti-wanti. Cenah rambutna ogé panjang kacida. Salian ti geulis, Nyi Rambut Kasih ogé gedé kumara jeung wibawa sarta jadi panutan pikeun rahayatna.

Hiji poé Nyi Rambut Kasih ngayakeun riungan anu disesepuhan ku paman léngsér. Para ponggawana sarila mendeko bangun anu ajeg.

”Hatur nuhun ka sadayana, margi kersa sumping sareng kersa magelaran hal anu penting” ceuk Nyi Rambut Kasih.

”Sumuhun dawuh timbalan, paman sareng sadayana ogé parantos ngantosan bilih aya hal anu penting anu badé didugikeun. Mangga Nyi teu kedah dilami-lami deui” walon Paman Léngsér daria.

”Kieu paman, ayeuna jig indit ulem pandita. Omat pisan ulah talangké! Kudu ayeuna éta pandita dibawa ka dieu!”

“Sumuhun dawuh timbalan, paman amit seja indit ngangkir pandita” témbal paman Léngsér.

Tuluy Paman Léngsér mangkat. Teu lami éta pandita sumping digiring ku paman Léngsér. “Sampurasun Nyi Ratu” ceuk pandita.

“Rampés. Sumangga linggih, Mama” témbal Nyi Rambut Kasih.

“Aya naon? Ama mani asa reuwas diangkir sanés wanci” ceuk pandita bangun héran.

“Kieu Mama, tadi peuting kula ngimpén yén Gunung Ciremay ngaluarkeun lahar panas. Seuneu ngaléngkab nagara. Sindang Kasih kakérem, Mama. Anu matak hélok, palebah Gunung Marga Tapa seuneu ngarandeg kahalangan ku dua tutunggul anu ngujur ngalér perenahna. Alamat naon éta téh Mama?” Nyi Rambut Kasih mariksa.

Satuluyna éta pandita reup peureum bari ngadahkeun pananganna.

“Tuh.. tuh.. tuh.. Nyi Putri Agung, urang kudu taki-taki bilih kadongkapan bahaya. Tah.. tah.. tah.. dua tutunggul éta téh misil bakal aya dua urang anu nyebarkeun paham anyar” walon pandita.

“Hatur nuhun Mama, parantos masihan wadi” ceuk Nyi Rambut Kasih.

Tuluy éta Nyi Rambut Kasih maréntah ka sadaya anu hadir pikeun waspada.

Teu jauh ti Padépokan Sindang Kasih, di Cirebon aya karajaan anu dipingpin ku ulama kamasur Syéh Syarif Hidayatullah.

Hiji poé di Cirebon keur sumebar kasakit muriang atawa malaria. Ninggali kaayaan rahayatna kawas kitu, Syéh Syarif Hidayatullah maréntah Pangéran Muhammad jeung Siti Armilah pikeun néang ubar jang ngalandongan kasakit anu sumebar di Karajaan Cirebon. Henteu waka diijinan marulang saméméh meunangkeun buah Maja anu aya di Padépokan Sindang Kasih.

Pondok carita, éta dua utusan téh geus tepi ka Padépokan Sindang Kasih. Ngan salahna, éta dua utusan téh nincak wewengkon Sindang Kasih teu permisi heula. Atuh Nyi Rambut Kasih téh teu sukaeun. Wewengkon anu sakitu gedéna diruas ku jalma luar.

Nyi Rambut Kasih ngawatek kasakténna. Leuweung anu tadina rembet ku tatangkalan ngadadak sagala leungit hilang tanpa karana. Atuh dua utusan téh henteu manggihan tangkal Maja anu ditéangan. “*Maja né langka..., Maja né langka...*” ceuk dua utusan dina basa Cirebon. Nya nelah wé nepi ka ayeuna jadi Majaléngka.

Sanajan anu ditéang henteu kapanggih, anu dikotéktak henteu kapendak, tapi éta dua utusan téh henteu terus mulang ka Cirebon. Ceuk angkeuhanana, sугan dina hiji poé bakal manggihan tangkal Maja. Terus éta dua utusan téh néangan bari nyebarkeun agama Islam.

Sabada nyebarkeun bag-bagan agama Islam Pangéran Muhammad matuh di gunung Marga Tapa, sedengkeun Siti Armilah ihtiar pikeun ngislamkeun Nyi Rambut Kasih. Ngan hanjakal éta Nyi Rambut Kasih tetep pageuh kana agemanana. Ahirna mah éta Nyi Rambut Kasih ngahiang duka kamana. Saterusna

Padépokan Sindang Kasih aya dina kakawasaan Cirebon dugi ka ayeuna dinamian Majaléngka.

#### 4. Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung taun ajaran 2011-2012 anu jumlahna 20 siswa, 12 siswa awéwé, 8 siswa lalaki. Dipilihna siswa XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung sabab loba kénéh siswa anu teu wanoh kana dongéng-dongéng anu aya di tatar Sunda.

**Tabel 3.7**

**Jumlah Siswa Kelas XII SMK Teknik Informasi dan Komunikasi Yadika Cicaléngka Kab. Bandung Taun Ajaran 2011-2012**

No.	Gender	Jumlah
1.	Awéwé	12
2.	Lalaki	8
	$\Sigma$	20